

AVI SOU ODYANS PIBLIK OSIJÈ

Lopital Carney
2100 Dorchester Avenue, Dorchester, MA 02124

Ministè pou sante piblik Massachusetts la (Massachusetts Department of Public Health) (« Ministè » a) resevwa avi ki di Steward Health Care System gen lentansyon fèmen Lopital Carney a ki nan Dorchester, MA.

Ministè a ap gen odyans piblik an vèti atik 105 CMR 130.122(D), toude an pèsòn e vityèl nan konferans nan telefòn, pou ede piblik la gen aksè ladan. Odyans sa yo pa gen fòm jiridik men y ap yon fowòm piblik pou prezantasyon tout kòmantè ki gendwa itil nan konsiderasyon chanjman Ministè a pwopoze.

Odyans an pèsòn lan ap fèt a **6:00 p.m. madi 13 out 2024**, nan Florian Hall, 55 Hallet Street, Boston, MA 02122.

Ki jou : Madi 13 out 2024
Ki lè : 6:00 p.m.
Ki kote : Florian Hall, 55 Hallet Street, Boston, MA 02122

Odyans vityèl la ap fèt a **6:00 p.m. mèkredi 14 out 2024**. Manm piblik la e lòt pati ki enterese gendwa patisipe nan odyans lan nan telefòn apati enfòmasyon ki annapre la a :

Ki jou : Mèkredi 14 out 2024
Ki lè : 6:00 p.m.
Nimewo telefòn : 888-917-8055
Modpas : 4153805

Kòmantè alekri sou sijè sa a gendwa soumèt bay Department of Public Health, Division of Health Care Facility Licensure and Certification, Attn: Licensure Coordinator, 67 Forest Street, Marlborough, MA 01752 oubyen nan imèl bay HFLicenseAction@Mass.Gov. Kòmantè ap aksepte jouk minui sonnen le 14 out. Tout kòmantè alekri ki soumèt bay Ministè a gendwa afiche sou sit entènèt Ministè a e gendwa distribye kòm repons nan demann pou dokiman piblik.